

# Koman pou pwoteje tet ou pou pa devni yon viktim?



1. Lè yon moun ranpli yon reklamasyon pou benefis asistans reyanbouchaj chomaj, yo gen pou yo resevwa yon detèminasyon monetè. Revize fòm sa a se kapab pi bon fason pou sispann pwosesis yon reklamasyon ki fwod. Detèminasyon monetè a pral bay enfòmasyon si moun nan gen dwa pou li resevwa benefis, lè li te ranpli reklamasyon an, ak enfòmasyon sou sale yo. Si ou resevwa yon detèminasyon monetè epi ou pa te aplike pou benefis asistans reyanbouchaj chomaj, oubyen non ki sou fòm nan se pa pou ou, ou ka yon viktim vòl idantite. Si sa ta rive, kontakte reyanbouchaj asistans chomaj imedyatman. Rapòte yon detèminasyon monetè ki pa kòrèk se kapab pi bon mwayen pou sispann pwosesis peman sou yon reklamasyon ki fwod.
2. Pwoteje nimewo Sekirite Sosyal ou. Bay nimewo a sèlman lè li nesesè, epi pa pote kat Sekirite Sosyal ou avèk ou.
3. Pa reponn ak demann espesifik pou enfòmasyon pèsònèl ou (non, dat nesans, nimewo sekirite sosyal oswa nimewo kont labank ou) pa telefòn, lapòs, oswa sou entènèt.
4. Chire tout resi, ofri pou kredi, deklarasyon kont ak kat ki ekspire yo, pou anpeche " moun kap fouye fatra yo" pa jwenn enfòmasyon pèsònèl ou.
5. Revize rapò kredi ou omwen yon fwa chak ane pou ou ka sèten li pa gen ladan okenn kont ke ou pa te louvri. Tcheke li pi souvan si ou sispèk yon moun te jwenn aksè sou enfòmasyon kont ou.